

**Bible lessons. Lesson 42. FAITH OF MOSES' PARENTS**

**Exodus 2:1-10**

**Memory verse: “But the righteous will live by faith. If he shrinks back, my soul has no pleasure in him.” Hebrews 10:38**

**UKWIZERA KW’ABAVYEYI BA MOSE.**

**ICIRWA CA 64**

**Kuv. 2:1-10**

Ijambo ngenyerwako : « **Ariko, umugororotsi wanje azobeshwaho n’ukwizera, naho ni yisokora ntazohimbara umutima wanje.** » Abaheb. 10:38

### **I. Intagamarara**

icirwa giheruka caratweretse ubuja n’amagorwa Abaheburayo bari babayemwo mu gihugu ca Egiputa. Vyarabandanije imyaka irashira iyindi iraza bakibabajwe. Muri iki gihe c’umwijima kubaheburayo, havuka umwana w’umuhungu Mose. Yabayemwo umuhuza w’abantu n’Imana aba umuvugishwa wa mbere mu babayeho.

Ingingo itegeka ko umwana w’umuhungu wese avutse atabwa m’uruzi ryari rikomejwe cane. Muri iki gihe kuvyara umuhungu yari umubabaro k’ubavyeyi biwe. Mu gihe co kubata mu ruzi, Abagabo babanyagiputa bategura ibikino vyo kwinezerereza. Bakabaterera hejuru ingona zikabasama batarashika no m’uruzi. Abavyeyi bagerageza kubanyegeza, ariko hari harateguwe imisore ya ba maneko bagenda baraba umugore wese afise inda, bakamenya n’ico yavyaye.

### **II. Ubwenge n’ukwizera kw’abavyeyi ba Mose.**

Umugabo w’umurewi yitwa Amuramu arongora Yokebeti inasenge (**Kuv. 6:20**), bavyarana abana bakuru : Aroni, Miriyamu Nguyu Mose nawe aravutse. Ehe ni agahungu kandi keza cane yoooo..., hakuba umunezero, haba ubwoba kubw’itegeko ribi ririho.

Bamunyegeza amezi atatu. Abavyeyi biwe bumva bipfuzako yobaho. **Ivyak. 7:20<sub>a</sub>** » biragoye kunyegeza umwana amezi atatu kuko kaguma kavuzako induru kuko ikibazo cariho ntaco kari kazi. Kanezerezwa no kwikinira

Imana ibaha iyerekwa rishasha ry’ingene bomukiza. Ajisha agatebo kajishwe mu nkorogoto agahomako kaburimbi n’uburembo bamushiramwo bajana muri

rwa ruzi Nile barambikayo. Wokwibaza utu : ubu bwari ubusazi. Nile rwari rwuzuyemwo ingona zirotsa kandi zimenyereye kurya abana.

Amram na Jochebed ntibamutereyeyo ngo bivugire ngo : « Imana iramucunga ishatse. » oya. Hamwe no kwizera, bashizeho umugambi wose ushoboka.

Abakobwa ba Farawo baraza kwoga muri urwo ruzi kuko biyumvira ko arirwo rutanga ivyara n'itunga. Mushiki wa Mose yari afise imyaka indwi, niho haza umukobwa wa Farawo kwoga. Yitwa Merri, incoreke ziwe zimumweretse aramushima, mushikiwe aba amutoje umugambi w'uwomumwonkereza. Ukwizera n'ubwenge. **I Kor.14 :15 « Nuko ngire nte ?, nzosengsha Impwemu yanje, ariko kandi nzosengsha n'ubwenge. Nzorimbisha Impwemu yanje, ariko kandi nzorimbisha ubwenge. »**

Barasenze barizera, ariko bakorera kuvyaho bari bazi. Igihe abakobwa ba Farawo bakunda kuza kwogerako muri Nili. Ntawundi yari kumurera ngo vyemerwe ko abaho. Muvyaho dukora, bisaba ko dusenga, ariko tugashiramwo n'ubwenge tuba twarahawe.

### **III. Kubera Imana vyose birashoboka.**

Mu bantu bari basanzwe banka ubwoko bw'abaheburayo, abo mu rugo kwa Farawo bari abambere. Ni wumve ingene Imana ihaye umutima uyu mukobwa wa Farawo wo gukunda no kwitaho umwana w'umuheburayo, ndetse yemera kuriha uwuriko aramwonsa. **Umur wa 10 « Umwana amaze gukura, amushira umukobwa wa Farawo acika umwana wiwe. »** vyumvikana ko ari we yamuhaye izina "**Mosheh**". « Mo » risigura umwana. « Sheh » risigura gikuwe mu mazi. Iyumvire umunezero abavyeyi ba Mose bagize babonye umwana wabo aribo bariko bamwonsa ari uwabo kandi bakabibahembera.

Abaheburayo barankwa urunuka n'abo kwa Farawo, ariko Imana itegeka ko uwuzoba umucunguzi w'abaheburayo, azokurira kwa Farawo, ariye ivyaho yamurondereye ndetse akure bamugurira n'ico yambara mu myaka mirongo ine yose.

### **IV. Inyungu ziboneka ku bantu bizeye Imana.**

Hari ibintu bitatu muri iyi nkuru ziboneka igihe umuntu agize ukwizera m'ubuzima :

1. Amram na Jochebed umugore wiwe, barashoboye kubaho no kurera abana babo bitabagoye kuko barazanirwa ivyaho kurya n'imyambaro bivuye kwa

Farawo. Ugukizwa neza bitera umugisha no mu ngo zacu. Ariko nyamujirya n'ino, akwegera umuryango ivyago.

Muri iki gihe gutunga umuryango ntivyoroshe kuri benshi, hamwe n'ukwizera, birashoboka ko Imana icira inzira abayubaha bakayikorera n'umunezero bagasabwa gukoresha ingabirano bahawe zose.

-Umuryango wa Amram, wabayeho utekanye kubera yari afise ubudahangarwa ahawe na Farawo. Si uko yamukuna kuko atanakimwe cobimuteye, vyavuye ku mugambi w'Imana. bararonka akanya keza ko kwigisha abana babo ivya basekuru babo.

2. Ukwizera kurakorana n'ingingo umuntu aba yafashe. Nk'igihe ufashe ingingo yo kuba imvugakuri, wizeye, usanga warahindutse usigaye ushimwa n'Imana n'abantu. Ukaba amahoro.

3. Ukwizera k'umugororotsi, kugirira akamaro ishengero, umuryango n'igihugu. Aba bavyeyi ba Mose barizeye bakoresha ubwenge Imana yabahaye, barokora ubuzima bw'umuhungu yahavuye aba kirokora w'umuryango wose wa Israyeli.

#### **V. Gushira mu ngiro.**

Woba wabaye mu buzima bwo gukekeranya no kwidondomba bituma agakiza kawe ataco kakumarira ; Imiryango baravuga ngo iyo utuma wiguma uko wahora. Umugororotsi azobeshwaho n'ukwizera. Uyu musu wohaguruka ugasenga Imana irakwongera ukwizera.

Bible lessons. **Lesson 42. FAITH OF MOSES' PARENTS**

**Exodus: 2:11-15**

Memory verse: **“But the righteous will live by faith. If he she shrinks back, my soul has no pleasure in him.” Hebrews 10:38**

## **IMYAKA MIRONGO INE YO KURINDIRA IGIHE C’IMANA**

Kuv. 2:11-15; Ivyakaz. 7:20-29

### **ICIRWA CA 65**

Ijambo ngenderwako : « ***Ntarakumbira mu nda nari ndakuzi, kandi utarava muri yo nari narakurobanuye*** » Yer. 1:5<sub>a</sub>

#### **I. Intangamarara**

Iyi mirongo ni iyerekana igihe Mose yari yaramaze kuvuka agashirwa mu ruzi Nile, agatorwa n’umukobwa wa Fararwo, akarererwa i bwami kwa Farawo. Yigishijwe inyigisho z’i bwami, aba umwana w’ubwenge mu majambo no mu bikorwa.

Akwije imyaka mirongo ine, yagiye kuraba ab’iwabo, abona bashwana, agize aravuga umwe aca amubwira ngo : « Ni nde yakugize umukuru canke umucamanza wacu, Mbega ugomba kunyica nk’uko wishe wa Munyagiputa ? » yari yaramwishe koko. Yibwira ati : Nukuri vyaramenyekanye. Niko guca ahungira i Midiyani. Yibaza ko aba biwabo batahura ko Imana izobakirisha ukuboko kwiwe.

Ikintu cose gikwiye gukorwa k’umwanya waco. Igihe c’uko Mose atangura umurimo nticari bwagere naho we yavyiyumvamwo. Hari hagisigaye iyindi myaka mirongo ine.

#### **II. Imyaka mirono ine ya Mose muri Egipta.**

Atarakwiza imyaka ine, nyina nyene kumwonsa yamushikirije Umukobwa wa Farawo. Uyu nawe amurera nk’umwana wiwe koko. Yigishwa ubwenge bwose bw’Abanyagiputa, agira ubushobozi mu majambo yiwe no mu bikorwa vyiwe.  
**Ivyak. 7:22**

Muri Egipta ntawari yemerewe guhabwa izi nyigisho atari uwo mu nzu y’i bwami yaba ariko ategurwa kuzoba umwami w’ico gihugu. Kubera ko yariwe

muhungu aboneka wo m'uruvyaro rwa Farawo, niwe yariko ategurwa kuzotwara Egiputa. Bamwigisha : ibijanye n'amategeko, imana zabo, intwaro, ubuhinga, n'ibindi. Abanyagiputa barafise ubuhinga n'ubu ata bandi barabumenya bwo kubika abapfuye bakamara imyaka myinshi cane batarabora. Ivyo vyose Mose yaravyize. Ariko igisata yakurikiranya cane ni ibijanye n'amategeko. Biboneka Imana yabimushizemwo kugira bize bimufashe igihe izoba iriko irashinga amategeko mu bantu bayo. Mose yarya neza, akambara neza,....

Yari yaramenye ko atari Umunyagiputa agahora aja ku bavyeyi biwe bamwiganira kahise kabo n'ico Imana yabwiye Aburahamu. Soma **Itang. 15:13-14** ibi nivyo vyatumye yiyumvira gukoresha amaboko yiwe ngo arokore ab'iwabo. Yaravyiyumvamwo, ariko urutonde rw'Imana ntirwari bwashike. Naho hari hahagisigaye imyaka mirongo ine ab'Isirayeri bariko : barakubitwa, abana batabwa mu ruzi, bicwa n'ibikorwa,... Imana yariko irakora. Ikorera k'urutonde, hageze nticererwa.

### **III. Uguhunga kwa Mose.**

Ijambo ngo : « Ni nde yakugize umucamanza wacu canke umukuru wacu » risigurako Ngo : mbega wewe ubwo bubasha wabuhawe na nde ? nta nyishu yari kuronka kuko yari mu mubiri. Naho yiyumvamwo ubutware, ntawari bwabumuhe. Ariko nyuma y'imya mirongo ine ari mu buhungiro, azogaruka yitwaje inkoni y'uburongozi yahawe n'Imana mu mabako. Kandi aha bose bazomwumvira bigende neza.

Hari ibantu bibi vyamushutseko kubera yishatse kwihutisha isezerano

- Hakugira ngo yemerwe, baramwiyawmirije.
- Hakuba umutware, yakozwe n'isoni aca arahunga. **Kuv. 2:15**

Ivyo Mose yakozwe vyari no gutuma yicwa. Arahunga yicara hasi impande y'umugezi. Ibi vyerekana ko yari ajumarariwe, yiyumvira ikizomubako muri ubwo buhungiro.

Bakundwa, igihe cose uzobona ko ikintu cose wewe ubwawe wogishira mu ngiro utabanje gusenga no kubaza ubwenge ico Imana igomba, ikizovamwo ni ugukorwa n'isoni imbere y'abantu. Birakwiye kureka Imana ikaba ariyo ikontorora ubuzima bwawe bwose muri vyose. Niho uzoba werekanye ko ariwe Mwami w'ubuzima bwawe.

#### **IV. Gushira mu ngiro.**

Mu kurangiza, hari ibibazo bitatu twokubaza :

1. Mbega ukwihangana kwoba kuri mu biranga ubuzima bwawe igihe cose uriko ufata ingingo iyariyo yose k'ubuzima bwawe ?

Vyari bikenewe ko uvuga uti : « Ndashobora kuba ndarindiriye , niho bizogenda neza. » kugira Imana yinjira mu buzima bwawe ni ukwihangana, ukwihangana, ukwihanagana. Witonge mu gufata ingingo yico ugira ukore, kuko ingaruka zayo ari nziza canke mbi bitebe canke bitebuke zizokugarukako ukiriho. Canke ku muryango wawe. Ari mbi hoho, na yuma y'urupfu rwawe uzozibona wicuze bitagishoboka kwigarura.

2. Mu ngingo uriko urafata uyu musu, ntazirimwo iziteye kubiri n'ico Imana yagushakira ? vyari bikwiye ko wumviriza iryo jwi rikubwira riti : « ivyo bireke Imana izobikora mu gihe gikwiye niba ari umugambi wayo kuri wewe. »

3. Woba utora akanya ko gusenga ngo umenye umugambi w'Imana k'ubuzima bwawe ? Warukwiye gusenga kuko Imana yari ikuzi utarabumbirwa mu nda ya mama wawe, kandi yari yaragutoranije utaravuka. Imana igufise ko umugambi, ariko nawe ubifisemwo uruhara. Mwemerere akurongore niho utazota inzira.

Woshobora guhaguruka ugasenga, ugasaba ko Imana aba ari yo umurongozi wawe.